

**САРЕБАРИ САРБÆЛТАУ ТОХГÆНÆГИ НИХМÆ ХОНХ ДÆР НÆ ЛÆУУЙ!..**

*Иосиф СТАЛИН 1941 анзи 3 июли советон адæммæ æ радиофæдздзурди уотæ загъта: «Фашистон Германий хæццæ тугъдæн хумæтæги тугъдбæл банимайæн нæййес. Е дууæ æфсадей æхсæн тугъд нæй. Е æй советон адæми устур тугъд фашистон æфсади нихмæ. Е æй Фидибæсти еугурадæмон тугъд фашистон цагъаргæнгути нихмæ, æма нæ бæстæ ци тæссаг уавæри бахаудтæй, айдагъ уой фæййервæзуни оххайбæл нæ тох кæнæн, фал гермайнаг фашизми æфсойни буни ка гъæрзуй, Европи еци адæмтæн байагъази сæрбæлтау дæр...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№23 (1039) 2026 анзи 20 июнь – хорхæтæни мæйæ

Аргъ 1 туман


**22 ИЮНЬ УÆРÆСЕЙ НИМАД ЦÆУЙ ФУДОНХИ ÆМА ИМИСÆНИ БОНБÆЛ – ФОНДЗ ÆМА ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ ЕЦИ БОН РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД**

# ЗÆРДХЪУРМÆЙ ХЪОНЦ КÆНÆН... ЗÆРДРИСТÆЙ ИМИСÆН...



22 июнь... Аци бон Уæрæсей адæмтæн, уæдта дуйней берæ паддзахæдти рæстзæрдæ дзиллитæн дæр æностæмæ иссæй фудонхи æма имисæни бон... Фондз æма цуппаринсæй анзей размæ еци бон нæ Райгурæн бæстæмæ тогмондагæй æрбалæбурдтонцæ немуцаг-фашистон æрдонгтæ... Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд... Уой гъезæмайраг 1418 боней дæргъи Советон Цæдеси еугур адæмти минæвæрттæ дæр æхсаргинæй тох кодтонцæ знаги нихмæ тугъди будурти, уодуæлдайæй хъазауат кодтонцæ фæскъилдуни кустуæтти, колхозон будурти, сæхебæл нæ ауæрдгæй архайдтонцæ, сæ соми «Алцидæр – фронтæн, алцидæр – Уæлахезæн!..» тæккæ æнхæстдæрæй æнхæст кæнунбæл. Æма советон адæмæн бантæстæй, æнæгъæнæ дуйнетæй ка не 'руагæс кодта, еци тæходуйаг уæлахез – гермайнаг фашизм æ сирддон лæгæти – Берлини – хорхгонд æрцудæй 1945 анзи уæлахезон майи мæйи.

Нæ уæлахез нин кæд æгæрон цитгийнаг æй, уæддæр æй цийнæ æма цæстисуги хæццæ бæрæгбон, зæгъгæ, хумæтæги нæ хонæн – æгæр, исаргъгæнæн дæр кæмæн нæййес, уоййасæбæл æверхъау сæрбæлхаст нин иссæй... Уомæ гæсгæ, кæд æма æ фæуунтæбæл цуппаринсæй анземæй фулдæр рацудæй, уæддæр нæ зæрдрист не 'нцайуй, нæ нидæндæр кæнуй... Уæдта, æвæдзи, уотæ уодзæнæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ дæр... Æма нæ зæрдити еудадзуг асдзæгъддзæнæй нæ табуйаг ихæс: еци рæстæгути хабæрттæ имисун æма зæрдæбæл дарун гъæуама еугай бæнттæбæл ма евгъуйа...

*Цæгат Кавказы адæмти минæвæртти антифашистон митинги (1941 анзи 13 августи Дзæуæгигъæуи) архайгути еумæйаг загъд адтæй: «Устур тæссаг дзаман искодта нæ райгурæн бæстæ Советон Цæдесбæл... Кавказæгти, илгъæнгæй, «дæлдæр расæ», ка хонуй, еци гитлерон абæргутæ мах нæ нимайунцæ адæмбæл æма нин хæссунцæ мæлæт, мæгурдзийнадæ æма цагъари*



**Цæгат Иристони финсгутæ, Устур Фидибæстон тугъди архайгутæ: бадунцæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): Муртазти Барис, Плити Хадо, Дарчити Дауит, Цæгæрати Максим, Плити Грис, Хъайтухъти Геор, Тимофей Ефимцов; лæуунцæ: Богазти Умар, Басити Михал, Цирихати Михал, Хъайттати Сергей, Цæгæрати Гиго, Борис Шелепов. Уонæй кедæрти тугъдон æрмæгутæ айразмæ мухур кодтан нæ газети, абони ба уæ зонгæ кæнæн Хъайттати Сергейи имисуйнæгти хæццæ.**

# «ТУГЪД РАЙДÆДТА, ÆМБАЛ ЛЕЙТЕНАНТ, ТУГЪД...»



***ХЪАЙТТАТИ Тотурбеги фурт Сергей (1920-2010) Унали скъолай 1938 анзи аст къласи каст фæуоогæй, бацудæй педагогон техникуммæ, фал си æнхæст нæ райахур кодта – афицерти скъоламæ райиивта æхе. Устур Фидибæстон тугъди хуæдразмæ райста афицери цин æма знаг нæ бæстæмæ ку æрбампурста, уæд фиццаг бонæй фæстæмæ адтæй тохи цæхæри. Иссæй батальони командир. Æскъуæлхтæй фæццудæй тугъдон нæдтæбæл, цалдæр хатти фæццæфтæ 'й. Хуарзæнхæгонд æрцудæй берæ ордентæ æма майдантæй.***

*Ерун си, Устур Фидибæстон тугъди бæгъатæрæй ци æдзард ирон финсгутæ фæммард æнцæ, уони рохс нæмттæ. Ерун си никки, Устур Фидибæстон тугъди, бæгъатæрдзийнадæ равдесгæй, хуарзæнхæгонд ка не 'рцудæй, уони кадгин нæмттæ.*

## ТУГЪДИ ФИЦЦАГ БОН

Æртин фарæстæймаг анзи мах, цалдæр биццеуи – Цæгат Иристони педтехникуми студенттæ – нæ гæгъæдитæ балæвардтан Орджоникидзей æфсæддон скъоламæ. Тугъди размæ æнзти Сурх Æфсади командир исун хъæбæр кадгин адтæй. Мадта уордæмæ æнцон бахауæн дæр нæ адтæй – фæлварæнтæ, мандатон къамис, дохтиртæ…

Фиццаг анз ахур кодтан Орджоникидзей, уæдта нæ райиивтонцæ Дагестанмæ, Буйнакски æфсæддон скъоламæ, æма 'й каст фæцан, тугъди райдайæнмæ ма дæс-дууадæс бони гъудæй, утемæй. Еу цалдæр биццеуемæй æрвист æрцудан Ригæмæ. 21 июни нин сахари æфсæддон комендант афицерти Хæдзарæмæ хунди гæгъæдитæ равардта. Гъазтан, худтан, нæ нæуæг лейтенанти дарæсæй сæнттадæ кодтан. Кæбæл ни æстдæс анзи цудæй, кæбæл – нæудæс. Уæдмæ æнæнгъæлти фæззиндтæй, æ кари ка адтæй, уæхæн капитан, фæуурæдта гъазт, æхебæл хуæцгæй фегъосун кодта:

– Корун, цæмæй командиртæ æвæстеуатæй се 'фсæддон хæйттæмæ рандæуонцæ!

Мах балæдæрдтан, арæнбæл сабур ке нæй, фал ни уой æнгъæл ка адтæй, æма бон нæма æрбарохс уодзæнæй, уотæ тугъд райдайдзæнæй…

Ме 'фсæддон хай гъæуама адтайдæ цæугæдон Немани билгæрон – нæ паддзахадон арæнмæ хæстæг. Æфсæддон хай уоми нæ разиндтæй æма уой агоргæй, æхсæвеуатгæнгæ мин рауадæй, Цесис, зæгъгæ, уæхæн минкъий сахари. Бацудан æфсæддон постмæ. Пости хецау, медбæстон тугъди архайæг, еци æхсæвæ сæхемæ нæ рандæй, æ зæрдæ цæмæдæр дзурдта. Æвæдзи, лæдæрдтæй уавæр. Исиуазæг мæ кодта.

Æз тургъи тъахтинбæл мæ цинел байтудтон æма рафунæй дæн. Пости хецау циуавæрдæр æзгулимæ æригъал æй, рацудæй мæ рæзти, куд нæ райгъал адтайнæ, уотæ.

Гъæунгти сурхæфсæддонтæ къуæрттæй кумæдæр тагъд-тагъдæй цæунцæ. Хуæдтолгитæ... Дзармадзантæ... Пости хецау фæстæмæ бацудæй. Нæ бабæй мæ райгъал кодта – æфсæддонтæ «æхсæвдзо» ахид фæккæнунцæ. Æрхустæй е дæр диванбæл.

Æхсæвæ æма бон кæрæдземæй нæма фæххецæн æнцæ, уотæ бæстæ гупп-гæрах иссæй. Фегъал дæн, рабадтæн. Пости хецау лæудтæй мæ рази. Ралигъдтæн дуармæ, алфамбулай хæдзæртти сугъдæнттæй гъæунгтæ ниррохс æнцæ. Знаги хуæдтæхгути гур-гур æма дзармадзанти æмбохунæй гъостæ къуру кодтонцæ. Æз пости хецаумæ кæсун. Æвæдзи, мæ цæстингас фарста: «Е ци 'й, мæ фиди хай?» Пости хецау балæдæрдтæй мæ гъуди, зæнхи бунæй дзорæгау си райгъустæй:

– Тугъд райдæдта, æмбал лейтенант, тугъд…

Уайтæкки рабæлццонхуз дæн, хуæрзбон загътон мæ фусунæн æма фендæдуар дæн. Дессаг, гъæунгти еу æзмæлæг дæр нæ разиндтæй, нæдæр сурхæфсæддон, нæдæр æнæуой…

Дзæбæх æрбарохс æй. Кедæр горени ауон æрбадтæн. Сагъæсти хай фæдтæн, уæдта фæстагмæ мæ дамбацай хумпъурмæ 'ркастæн, фал… Хуæцæнгæрзтæ гъæуама не 'фсæддон хæйтти райстайанæ…

Фæстæмæ пости хецаумæ ледзун: уомæ гъæуама ести хуæцæнгарз уа. Идардæй немуцаг дзубанди райгъустон. Кæцæй февзурдæнцæ? Ралигъдтæн иннердæмæ, фарсбæл циуавæрдæр æрхæ. Мæхе баримахстон. Кæсун, минкъий идарддæрæй мæмæ разиндтæнцæ немуцæгтæ. Кедæр нæмунцæ. Мæ тæккæ хуæдфæсте фæццудæй гæрах. Ецирдæмæ фæккастæн: цидæр сурхæфсæддон размæ бахаудтæй. Зиннуй мæмæ æ марæг дæр. Хуасæласæн хъели дæргъæн, дустæ медæмæ хат, дамбаца æ къохи. Рандæй, цума неци 'рцудæй, уотæ. Мæстæй куд нæ тудтайуонцæ мæ фæрстæ!

Немуцаг е 'мбæлттæмæ бацудæй, æрхæрдæмæ син цидæр амонуй æма ходунцæ. Еуцæйбæрцæдæр ма æма мæ гъæуама бауинонцæ. Арæхстгай еуварс рабурдтæн. Ауæнтти сахарæн æ кæронæрдæмæ рафтудтæн. Кæсун æма урух над. Цалдæр дзармадзани. Бæхтæ ефтигъдæй лæуунцæ, сæ сæргътæбæл – сурх æстъалутæ. Минкъий си раздæр – хуæдтолгитæ, уонæбæл дæр – æстъалутæ. Нæхеуонтæ сæ, æвæдзи, тагъдгæнгæй ниуугъонцæ.

Ниддæлгоммæ дæн арф кæрдæги… Æртудтон кæрдæги устур цопалæ, мæ ходи уæллæй æй æркодтон æма сабургай мæ сæр исхъел кодтон. Ракастæн надмæ. Ефтигъд бæхтæмæ кæсæг нæййес. Лæуунцæ. «Еу ба си ефтигъд куд нæ уодзæнæй. Рабадæ ибæл æма гъæдæмæ фескъæрæ!..» – гъудитæ кæнун. Фæккастæн бабæй нæуæгæй хуæдтолгитæмæ. Зæрдæ реуи нæуæг фæндитæ бидта. Хуæдтолгæ æскъæрун зудтон. Кæддæр каст фæдтæн шоферти скъола. Каст æй фæдтæн, фал косгæ ба некæд кодтон. Уайтæкки æфсæддон скъоламæ бацудтæн. Гъо, фал хуæдтолгæ искосун кæнунмæ гъæуй дæгъæл.

Къæдзтæ-мæдзтæ нади кæрæнтти полутæрки 'рдæмæ бурун. Бахъæрттæн имæ. Арæхстгай кабини дуар бакодтон. Бахизтæн медæмæ. Сæр уæлæмæ нæ есун. Архайун хуæдтолгæ искосун кæнунбæл… спичкæй. Не 'скуста. Фал дзæгъæли нæ фæцæй мæ балци. Шофери бадæни фæсте рауидтон автомат. Фелвастон æй. Ефтигъд. Фæннифсгундæр дæн. Æргæпп кодтон зæнхæмæ. Ауæнтти иннæ хуæдтолгæмæ фескъæрун. Дессаг, е ци æй? Цалдæр сурхæфсæддони мæ алли фезмæлдмæ сæ римæхст рауæнтæй сосæггай кæсунцæ. Мæхе дууæ цæстæй сæ уинун. Кæмæдæрти си хуæцæнгæрзтæ дæр ес. Бустæги фæннифсгундæр дæн.

– Раззаг хуæдтолгæмæ, æмбал командир! – дзоруй мæмæ сæ еу.

– Раззаг хуæдтолгæ косгæ кæнуй, æвæдзи, æ шофер фæттарстæй. Махæй хуæдтолгæ æскъæрун неке зонуй. Ду зонис?

Мæ сæрæй «гъо», зæгъгæ, райамудтон.

– Мадта мах – дæ фæдбæл. Еци хуæдтолги ес пулемæттæ, гилдзитæ.

– Мæ фæдбæл, – рауидтон дзорæги хæстæгмæ. – Сержант, æцæг арæхстгай. Æз куддæр рульмæ бавналон, уотæ – гуфæмæ!

– Хуарз! – дзуапп равардта сержант.

Æ дзубанди мин адтæй хъæбæр æхцæуæн. Е адтæй мæ фиццаг бардзурд тугъди.

– Пулеметæй æхсун уи еске зонуй? – фæрсун сæ.

– Еугурæй дæр.

Куд рабæрæг æй, уотемæй пулеметæйæхсгутæ адтæнцæ. Фондз бацан. Хуæдтолги размæ бахъæрттан, фал уæдмæ нæ тæккæ размæ надбæл немуцаг æфсæддонти къуар æрцæйцудæй. Фæстæтæрæгæнæн нæбал адтæй – хуæдтолгитæмæ!..

Цæстифæнникъулдмæ лæхъуæнтæ хуæдтолгæмæ исгæппитæ кодтонцæ. Æз шофери бадæн райахæстон. Хуæдтолгæ æ бунатæй фезмалдæй. Тагъд фескъардтан размæ. Немуц, цалинмæ хуæдтолгæ сæ рæзти нæ райевгъудæй, уæдмæ неци балæдæрдтæнцæ.

– Æхсетæ сæ! Бардзурд равардтон æз æма сæбæл пулеметæй ехуарæгау никкалдтонцæ.

– Немуцæгтæй цалдæр æрхаудтæй. Уæдмæ етæ дæр сæ кеми æрцудæнцæ, æхсунтæ нæ байдæдтонцæ, фал мах райидард ан…

## ХЪИЙАМÆТИ ХУÆРÆ

Уавæртæ уотæ рауадæнцæ, æма ма бони тугъдтити фæсте взводæй байзадæй айдагъдæр минкъий къуар, сæ хæццæ кизгæ – санинструктор, ротæй æрбафтудæй. Къуар знаги æрхъолай бахаудтæй. Архайдтан уордигæй райервæзунбæл. Дзæвгарæ фæццудан. Еу рауæн æрæнцадан. Уæд ма взводи командир адтæн. Адтан ма æдеугурæй цуппар – æз, сержант, еу сурхæфсæддон æма…

– Е ба ци 'й? Кæсун сæмæ десгæнгæй. Цуппæрæймаг кæд æй… силгоймаг. Нурма 'й нур фæуиидтон. – Кæцæй фæдтæ ду ба? – фæрсун æй.

– Санинструктор, – дзуапп равардта кизгæ, – ротæй.

Радзубанди кодтан нæ уавæрбæл. Фæстагмæ бардзурд равардтон:

– Цæттæ уотæ æхсунмæ фæйнæ рауæнеми, – райамудтон син кæмити, уой. – Ку 'рталингæ уа, уæд цæудзинан хорискæсæнæрдæмæ, кæд нæхеуонти хæццæ фембæлианæ.

Æрталингæ 'й. Рараст ан. Бонæй нæмæ идардмæ лигъз ци будур кастæй, е нур æ къуппитæ æма къæхтитæ равдиста. Цудан сахат, дуккаг. Мæ къохи нæуæг хъибиллæ. Æма цума бонигон цудан, уотæ сæ æнæкъулумпийæй амунд рауæнмæ кодтон.

Хæстæг кæмидæр куйтæ исрæйдтæнцæ: гъæу хæстæг æй. Цæун арæхстгай ецирдæмæ. Некæми игъусуй дзармадзанти гъæр, хуæдтæхгути гув-гув. Тугъд райидард æй хорискæсæнæрдæмæ. Мах æ фæсте райзадан.

Разиндтæй цирæгъти рохс гъæуæй. Кутемæй базонæн, гъæуи немуцæгтæ ес, æви нæ. Хуæруйнаг нæййес, исæдонуг ан. Бонæй нæ сагъæс уонæбæл нæ адтæй, фал нур тас минкъийдæр æй. Хуæруйнаг æма дон хъæбæрдæр лæуунцæ зæрдæбæл.

Цæуæн бабæй. Цæугæ нæ, ледзгæ. Алли минут дæр нин нимад æй… Æрбарохс æй.

Циуавæрдæр гъæу нæ хуæдразмæ февзурдæй. Устургомау. Хæдзæрттæ си, гъæунгтæ. Гъæугæрæнтти ивулуй цæугæдон. Æдонугæй нин тæссаг нæбал æй. Къуар мæн амундæй баримахстонцæ сæхе.

Рауидтон еуварс акъоппитæ. Сержантмæ амонун: ами бал лæуутæ. Мæхуæдæг мæ губуни цъарæбæл фæббурун. Уинун æхст гилдзитæ, хуæцæнгæрзти пурхæнтæ, æфсæйнаг ходæ къуми. Ауонæй ме 'фсæддонтæмæ амонун къохæй, ардæмæ уæхе æрбайесетæ, зæгъгæ. Етæ мæмæ ауæнтти губурæй бурунцæ. Мæнæ æртемæй дæр æрбахъæрттæнцæ. Ниггæппитæ кодтонцæ акъопмæ. Сержант – сæ разæй.

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, инæлар-майор Хъарати Николайи фурт Геуæргий райгурдбæл 24 июни æнхæст кæнуй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1891-1984).**

*къæлæт. Етæ гъавунцæ Кавкази адæмтæн сæ сæребарæ, паддзахадон цардарæзт æма культурæ байсун... Не 'нсувæртæ, нæ бæгъатæр еубæстонтæ... рацæуетæ мæлæтдзаг тохмæ! Цæветæ, цæгъдетæ, исафетæ нæ цифуддæр æзнæгти, немуцаг æстъегъгути æрдонгти. Цæгат Кавкази хуæнхрæбунтæ немуцаг тухæгæнгутæн гъæуама фестонцæ циртитæ...»*



– Ралæууæн еуминкъий, – загътон син, алфамбулайти ракæсгæй.

– Æмбал лейтенант, барæ мин раттæ гъæумæ бæрæггæнæг фæццæунæн,– дзоруй мæмæ сержант.

– Æмбал сержант, еци ихæс исæнхæст кæнун æнцондæр уодзæнæй мæнæн. Æз силгоймаг дæн, – загъта санинструктор.

– Кæми финст ес – силгоймаг дæ? – зæгъуй сержант. Æфсæддон хæдонæ, цулухътæ, ходæ… Уайтæккæ дæ ракъæрцц ласдзæнæнцæ.

– Æмбал командир, барæ раттæ мæнæн, – загъта цуппæрæймаг, – хуæрзæригон æфсæддон.

Мæ цæстæ сæбæл радардтон. Алке дæр си æнгъæлмæ кæсуй: мæнæн зæгъдзæнæй «ду цо». Фал æз неци дзорун.

– Цæй хуарз, – загътон æрæгиау. – Цæудзинайтæ сумах уæ дууæ, – байамудтон сержант æма æригон сурхæфсæддонмæ. – Æдасдæр уин уодзæнæй дууемæй. Нур ба уотæ: феронх кæнетæ рæстæгмæ хуæрдæ æма ниуæзтæ.

Еуварс ракодтон сержанти æма ин æ размæ æвæрд ихæсти туххæй берæ фæдздзурдтон. Фæстагмæ загътон:

– Хъæбæр арæхстгай архайæ. Куддæр естæбæл фæссекк уай, утæ хæдзари дуар игон дæр мабал бакæнæ. Де 'мбал гъæуама уа бæрæг рауæн æхсунæрвонгæй. Еу хатт ма дин фæдзæхсун – тæккæ кæройнаг хæдзарæ – еугуремæйдæр минкъийдæр… Гъæуама уоми немуцаг ма уа.

– Æмбал лейтенант, дæ зæрдæ ма дзорæд.

Бон-сауизæрмæ римæхстæй фæббадтан, фæгъгъæуай кодтан. Гъæуи уæлдай æзмæлд нæ адтæй. Сæумæй куд адтæй, изæрæй дæр утæ – немуц сæ бæхтæн дон дæттунцæ, еугай силгоймæгтæ хастонцæ дон.

Æрталингæ 'й. Хæдзæртти цирæгътæ еугай-дугайæй рахуссунцæ. Сержант æма æфсæддон рандæнцæ, æз æма кизгæ байзадан. Уайтæккæ сахатмæ æркæсæ-æркæсæ кæнун райдæдтон.

– Ардæмæ сæ гъæуй, æмбал лейтенант, ма тухсæ, – зæрдæвæрæгау зæгъуй кизгæ.

Кæсун имæ. Аййев гуриконд, хъоппæгъ цæститæ, аргъауи хузæн борхелæ дзиккотæ дуææ бидемæй æ усхъитæмæ 'рхаудтæнцæ. Æ рæсугъд билти змæлд мин цума мæ зæрдæбæл кедæр æрбалæууун кодта…

Кизгæ мæмæ кæсуй. Цидæр тас ибæл резæнгæ бафтудта. Æз уой балæдæртæн, æ къохмæ ин бавналдтон, къох адтæй ехи къæртти хузæн уазал.

– Ма тæрсæ, нæ хуæрæ…

Хуæри номмæ кизги цæсгон фæррохс æй. Æвæдзи, цидæр æнахур рохс реумæ байервазтæй.

– Хуæри номæй мæмæ исдзурдтай… Æнсувæр ди зæгъун, – кизги къох æ резæнгæй фенцадæй.

– Арази дæн, – бахудтæн имæ.

Гъæугæронæй исигъустæй гæрæхтæ. «Хуæрæ» æма «æнсувæри» дзубанди æрдæгбæл фескъудæй. Фендæдуар дæн, мæ фæдбæл кизгæ дæр… Кæройнаг хæдзарæмæ исаразтан нæ хъаурити. Уайæн размæ. Бахъæртæн нин нæбал адтæй гъæумæ, утемæй ба нæмæ хæстæг кастæй. Уæдмæ гæрæхтæ фæгъгъос æнцæ. Æрлæудтан. Алли сибиртт, алли къахдзæфмæ дæр игъосæн. Некæми æма неци. Рæстæг цæуй. Бонирохсмæ берæ нæбал ес. Балæдæртæн – нæбал æй сержант, нæбал æй æригон æфсæддон. Исистон мæ ходæ. Мæ меднимæр син «рохсаг» зæгъун. Кизги ростæбæл цæстисугтæ 'руадæнцæ.

Ци кæнæн изолдæр, ци фæуудæн? Цæйбæрцæ æнгъезуй утемæй будурти зелун? Исфæндæ кодтон гъæумæ бацæун. Исарази æй мæ хæццæ кизгæ дæр. Фæццæуæн цæхæри кæфойнæбæл цæуæгау. Мæнæ дон. Раниуазун дæр ни феронх æй. Хед хæстæг некæми. Дони билтæбæл уæлæмæ арæхстгай фæццæуæн. Уасæнгитæ дуккаг уаст никкодтонцæ. Уалинмæ уинæн – мæнæ донæн æ ацирдигæй фарси цалдæр хæдзари, сæ еу иннетæй бæрзонддæр, урухдæр, устургомау тургъæ. Кизги цонгбæл фæххуæстæн, фæуурæдтон æй. Зæнхæбæл æрхъан ан. Игъосун. Нæдæр си адæми æзмæлд игъустæй, нæдæр куйии рæйун. Устурдæр хæдзарæн æ фæскъилдунмæ бацудан. Дзоццæги æрбадтан. Некæми æма неци. Уалинмæ кæсæн æма – дессаг. Хæдзари фæсте асийнæ. Кизги гъоси дзорун, амонун ин, е æ сæрæй арæзий дзуапп дæттуй. Цæсти фæнникъулдмæ асийнæ райвардтон, исхизтан. Исистон арæхстгай цалдæр гъосини хæдзари сæрæй, æрæвардтон сæ иннæ гъосинтæбæл, уæдта кизгæмæ мæ къохæй амонун – ардæмæ. Кизгæ рæуæгæй исхизтæй. Бахизтан тугурмæ.

Уайтæккæ рафунæй ан, ка куд бадтæй, утемæй… Фунæй кæнæн, дæуæ фæллад æфсæддони… Фиццаг æригъал дæн æз. Æригъал дæн æцæгæлон худтмæ, æцæгæлон дзубандимæ. Фегъал æй кизгæ дæр…

Дзубанди игъустæй тургъæй. Зихъиртæй тургъæмæ кæсун. Тургъи бæрæгастæу дуæ немуцаги Ленини бюсти рази лæуунцæ. Æвæдзи, колхози правлений тургъæ адтæй е. Немуцæгтæй еуей къохи – рæвæйнæ. Балæдæрдтæн хабар: бюст рагæлдзунмæ гъавунцæ. Мæ зæрдæ мæ реуи æнахур гупп-гупп никкодта.

Кизги хæццæ кæрæдземæ бакастан. Кизги цæститæ адтæнцæ уомæл. Мæ къох автомати хæтæлбæл туххуæстæй ниффæлорс æй, æ тог фæллигъдæй. Æвæдзи, мæ лæуд, мæ цæсгонбæл бæрæг адтæй мæ фæндæ. Кизгæ 'й балæдæрдтæй. Кæсуй мæмæ. Арæхстгай гъосинтæ исистон. Æрхизтæн асийнæбæл æма кауи рази æрауун дæн. Етæ бюстбæл бæттæн багæлстонцæ. Рахуæцæ-рахуæцæ ибæл кæнунцæ. Рæвæйнæ ниййитинг æй…

Кæсун: æфсæддонтæ рацæргæ, хуæцæнгарз сæмæ нæйиес. Æз æхсунæрвонг сæ размæ бацудтæн… Етæ мæн ку рауидтонцæ, уæд мæмæ десгæнгæ 'рбакастæнцæ, уæдта фæйнердæмæ ледзæги фæцæнцæ. Уæдмæ кизгæ дæр мæ уæлгъос февзурдæй, æ къохбæл ин фæххуæстæн æма ледзæги фæцан мах дæр фæстæмæ кæми адтан, уордæмæ, æрхити. Кæсæн, сорæг нæ нæйиес. Уордигæй нæ них гъæдæрдæмæ исараздтан…

Абони дæр æй нæ зонун, сорæг нæ цæмæннæ адтæй, гъæуи ци уавæр адтæй, уой…

# КЪЕСАТИ ÆХСАРГИН ТУГЪДОНТÆ



КЪЕСАТИ Тотурбеги фурт Мухарбег (1918-1942)



КЪЕСАТИ Тотурбеги фурт Николай (1917-1976)

Устур Фидибæстон тугъди рæстæг нæ æхсаргин тугъдонтæ ци хуæрзеугутæй хуарзæнхæгонд цудæнцæ, уонæй еу адтæй Александр Невскийи орден. Нисангонд æрцудæй ССР Цæдеси сæйраг Совети Президиуми Указæй 1942 анзи 29 июли. Æ уагæвæрди куд амунд адтæй, утемæй «Орденом Александра Невского награждаются командиры Красной Армии, проявившие в боях за Родину в Отечественной войне личную отвагу, мужество и храбрость и умелым командованием обеспечившие успешные действия своих частей».

Устур Фидибæстон тугъди рæстæг аци хуæрзеуæг лæвæрд æрцудæй 42 мин хатти, куд хецæн адæймæгутæн, утæ Советон Æфсади æма Æфсæддон-Денгизон флоти æфсæддон хæйттæ æма еугæндтæн.

Аци кадгин хуæрзеуæгæй хуарзæнхæгонд ка 'рцудæй, уонæй еу иссæй Киристонгъæуæй рацæуæг Къесати Тотурбеги фурт Николай.

Николай райгурдæй 1917 анзи зæнхкосæг биййонти 'хсæн. Æ фидæ Тотурбег раги банæхстæр æй е 'носон бунатмæ. Седзæргæсæй райзайгæ мадæ Къесати-Гæмати Легка (Еленæ) еунæгæй исгъомбæл кодта дууæ биццеуи æма еу кизгæ. Адтæй советон цардарæзти сæрбæлтау рæстуодæй хъазауатгæнæг. Куд коммунистон партий иуонг, утæ еумæйаг хæдзарæдтæ аразуни рæстæг разæнгардæй архайдта еци гъуддаги, бантæстæй ин æ цæуæти раст надбæл исæвæрун. Адæймаги хуæздæр менеугутæй фæххайгин æнцæ. Хуæдæфсармæ, фæллойнæуарзагæ, коммæгæсæй ирæзтæнцæ. Се 'ртæ дæр райстонцæ ахурадæ.

Николай хуарз ахур кодта, уой уæлæнхасæн ба ма архайдта спортæй, бæлдтæй Сурх Æфсади рæнгъити службæ кæнунмæ. 1937 анзи иссæй сахар Дзæуæгигъæуи фестæгцæуæг æфсæддон училищей курсант.

Лейтенант Къесати Николай 1939 анзи разамунд лæвардта сахар Киеви сæрмагонд тугъдон зилди, 147-аг дивизий пулеметæй æхсæг взводæн. Цубур рæстæгмæ ба 'й иснисан кодтонцæ сахар Харькови фестæг æфсади училищей ахургæнæн роти командирæй. Ами уой зæгъун гъæуй, æма еци бунати æвардтонцæ айдагъдæр æфсæддон академий рауагъдонти. Æвæдзи, командæкæнуйнадæ æрæстæфтæй æригон афицери разæнгарддзийнадæ æма æ тугъдон дæснидзийнадæ. Къесай-фурти еци бунати косгæй æрæййафта Устур Фидибæстон тугъд дæр.

Училищей курсанттæ æма афицертæй 1941 анзи июли мæйи арæзт æрцудæй æхсæг полк. Еци полкки хайæдтæй, еуей командир адтæй Къесати Николай.

Ротæ архайдта Украини зæнхæбæл сахар Киевмæ бацæуæнти карз тугъдтити. Сентябри мæйи Николай фæццæф æй, уæддæр тугъди будурæй нæ рацудæй, цалинмæ фашистти размæмпурст уорæд не 'рцудæй, уæдмæ. Госпитæли фæууни фæсте еуцæйдæрбæрцæ рæстæг разамунд лæвардта ахурадон батальонæн, еци-еу рæстæг ба ахур кодта фестæгцæуæг æфсад «Выстрел»-и централон командæгæнгути къурсити.

Æхсаргин афицерæн 1942 анзи ноябри мæйи равардтонцæ хестæр лейтенанти цин æма нисангонд æрцудæй сахар Кемеровой фестæг æфсади училищей ахурадон батальони сæргълæууæги хуæдæййевæгæй. Фал, Къесай-фурт курдиадæ курдиади фæсте финста, цæмæй æй рарветонцæ тохæг æфсадмæ, æма 1943 анзи апърели æ курдиадæ æнхæстгонд æрцудæй. Иснисан æй кодтонцæ Хонсар-Нигулæн фронти 1-аг гвардион æфсади 38-аг æхсæн дивизий 110-аг фестæг полкки æхсæг батальони командирæй. Архайдта Донбасс, Украини галеуварс знагæй исуæгъдæ кæнунбæл карз тугъдтити. Декабри мæйи цæугæдон Днепри билгæрон тугъдтити рæстæг Къесай-фурт бабæй уæззау цæф фæцæй.

Къесати Николай æфсæддонти рæнгъæбæл æрлæудтæй 1944 анзи июни, разамунд лæвардта батальонæн. 1944 анзи июнæй фæстæмæ тох кодта 2-аг Белоруссаг фронти исконди рæнгъити. Архайдта зундгонд æфсæддон операци «Багратион»-и. Батальонæн дæсни разамунд ке лæвардта, уой хæццæ ба æгæрон бæгъатæрдзийнадæ ке равдиста, уой туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Александр Невскийи орденæй, уой хæццæ ба ма ин цубур рæстæги фæсте равардтонцæ капитани цин.

Утæ рауадæй, æма 1945 анзи январи бабæй ке фæццæф æй, уой туххæй æрвист æрцудæй госпитæлмæ. Е 'нæнездзийнадæ дзæвгарæ фæллæмæгъ æй, æма уомæ гæсгæ дохтирти амунддзийнадæмæ гæсгæ уæгъдæгонд æрцудæй Советон Æфсади рæнгъитæй. 1946 анзи æ фидиуæзæгмæ исæздахтæй 2-аг къæпхæни инвалиди æвдесæндари хæццæ. Фал, æ сахъатдзийнадæ нецæмæ даргæй, Къесай-фурт æвæллайгæй фæллойнæ кодта Дигори районы аллихузон кустуæтти. Зæгъæн, фæстугъд ихæлд коллективон хæдзарадæ æ къæхтæбæл ислæуун кæнуни кустити усхъæйусхъæмæ архайдта, фæллойнæ кодта сæкæргæнæн заводи дæр. 1976 анзи бæгъатæр æфсæддон, фæллойнæуарзагæ адæймаг æ цардæй рахецæн æй.

Къесати Николай Александр Невскийи цитгин хуæрзеуæгæй уæлдай ма хуарзæнхæгонд æрцудæй Устур Фидибæстон тугъди II къæпхæни орденæй, Сурх Стъалуй орден æма цалдæр майданемæй.

Николайи кæстæр æнсувæр Мухарбеги ирисхъи туххæй абони уæнгæ дæр бæлвурд бæрæг неци ес. 1940 анзи каст фæцæй сахар Дзæуæгигъæуи фестæгцæуæг æфсæддон училище. Ахури фæсте ба изолдæр службæ кæнунмæ æрвист æрцудæй Литвамæ. Тугъди размæ ба æ цард байеу кодта Билаонти кизгæ Елизавети хæццæ – нæкæси, уомæн æ хуæдæнсувæр Билаонти Павелæн Устур Фидибæстон тугъди рæстæг аккаггонд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, иссæй инæлар. Æригон биййонтæ, гъулæггагæн, еумæ мæйæй фулдæр нæ рацардæнцæ. Тугъди райдайæни Мухарбег ци полкки службæ кодта, е цудæй сахар Ленинграды 'рдæмæ. Æма еци надбæл Къесати Мухарбег æбæрæгæй фесавдæй. Тугъди фæсте ин æ хеуæнттæ æ фæд берæ рæстæг бæргæ фæййагурдтонцæ, фал си неци рауадæй…

Бæгъатæр тугъдонти хуæрæ Зойæ е 'нсувæрти хузæн адтæй бæгъатæр æма нифсгун силгоймаг. Устур Фидибæстон тугъди рæстæг хъазауатонæй службæ хаста Дигори районы медгъуддæгути оргæнти рæнгъити. Фæстæдæр рандæй сахар Мæскумæ æма пенсимæ рацæуни фæсте ба нæуæгæй исæздахтæй æ райгурæн гъæубæстæмæ.

Къесати фæстагонтæй нуртæккæ не 'хсæн æй Николайи кизгæ Акъоти-Къесати Луизæ, æ цæуæт æма уони цæуæт… Дæс æма дууинсæй анзи фæккуста ахургæнæгæй, берæ æнзти дæргъи разамунд лæвардта скъолай агъоммæ скъола-интернатæн. Æ намусгин фæллойни туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй «Фæллойни Ветеран» æма «Иристони Намус»-и майдантæй. Кади хæццæ хæссуй Уæрæсей Федераций ахуради æскъуæлхт косæг æма æскъуæлхт ахургæнæги ном.

Къесати Тотурбег æма Легкай фæстагонтæ сæрбæрзондæй хæссунцæ сæ кадгин нийййергути ном.

***БИЧИЛТИ Алетæ***

**Славайнæгти хæлардзийнади æма еудзийнади Бон бæрæггонд цæудзæнæй 25 июни. Бæргæ зæрдтагон бæрæгбон æй, фал абони ба 'й нигталеутæ кæнунбæл знаггадæгæнгутæ хъæбæр архайунцæ.**

*МУРТАЗТИ Барис (1917-1996), поэт, Устур Фидибæстон тугъди архайæг: «1941 анзи 22 июнь... Уæхæн рæсугъд райдзаст бон адтæй, æма адæймаги маргъи хузæн фурцийнæй тæхун фæндадтæй. Уалинмæ... Уалинмæ радио фегъосун кодта, Германийнаг фашисттæ æрра берæгъти хузæн гадзирахаттæй нæ Райгурæн бæстæмæ æрбампурстонцæ æма син аккаг*

# ДЗИЛИХТИ ИНÆЛАР


ДЗИЛИХТИ Михал
ЦÆГÆРАТИ Максим

*Цæгат Иристони адæмон финсæг ЦÆГÆРАТИ Максими (1916-1990) æ хуæрзæрдхуард, нæ номдзуд балхон, Устур Фидибæстон тугъди архайæг, инæлар ДЗИЛИХТИ Бабуй фурт Михали (1916-1984) туххæй кæддæр ци имисуйнæгтæ ниффинста, уонæй дууæ хаййи ниммухур кодтан нæ газети æрæги номерти. Абони ба кæсетæ сæ кæронбæттæн хай.*

## ФÆСТАГ ФЕМБÆЛД

Пятигорск. Санатори. Ноябри фиццаг бæнттæ. Уазал думгæ. Уазал уарунтæ. Айнæг Бестауи сæрмæ нур цалцæр бони ауигъдæй лæуунцæ бæзгин сау мегътæ. Телевизормæ кæсунæй хуæздæр амал ма ци ес уæхæн дзамани? Æма бадæн фæлладуадзæн утаи. Æхсæвæри фæсте кæсæн телевизормæ. Кафунцæ, зарунцæ си циуавæрдæр хуæдахур артисттæ. Се 'змæлдбæл цæстæ нæ хуæцуй.

Уæдмæ телевизори экранбæл фæззиндтæй нæуæг кинонивæ. Кинониви райдайæни финст адтæй: «Аци кинонивæ арæст æй Стъараполи крайи сабурдзийнади фарсхуæцгути туххæй». Идарддæр – кинонивæбæл ка бакуста, уони мугæгтæ, никки ба ма поезди ка рабалци кодта, еци стъарапойлаг зундгонд адæймæгути мугæгтæ, хецæн коллективти номхигътæ. Уæдта – поезди комиссар, гвардий инæлар-майор, сабурдзийнадæ гъæуайгæнгути æновуддæр архайгутæй еу – Дзилихти Бæбуй фурт Михал»...

Æхцæуæн мин куд нæ адтайдæ, мæ рагон æрдхуард, мæ гъæуккаг Хайлой туххæй си ку бакастæн, уæд. Телевизормæ никки æдзинæгдæр кастæн.

Скъæруй поезд, гæбар-губур кæнуй. Æ алливæрсти – цума фæстæмæ ледзунцæ гъæди къохтæ, гъæутæ. Идард кæцæйдæр зиннунцæ хъуæцæкалгæ трубатæ. Вагони къæразгæй æндæмæ кæсуй халассæр инæлар. Думгæ ин гъазуй æ бæзгин сæригъунтæй. Хорсугъд, ефстагмæ æнцъулдтæй æндæр кæбæл нæма ес, еци хуæрзконд цæсгон. Сау бæзгин æрфгутæ. Губургомау фий. Кæсуй. Цума будурти цидæр агоруй... Ниллæг æруадзуй е 'рфгутæ. Фæкъкъех уй.

Цæбæл? Цæбæл гъæуама гъуди кæна уæхæн сахатти тугъдон лæг? Ке зæгъун æй гъæуй, тæккæ фиццагидæр, æ тог æнæвгъауæй кæбæл никкалдта, еци зæнхи исонибони ирисхъæбæл. Уомæн рараст æй аци зæрдæбæлдаруйнаг балций дæр.

Фестъæлфуй инæлар æ медбунати. Цума æ фунæй райгъал уй, уоййау раууæрдуй æ цæститæ.

Тæхуй, æскъæруй поезд. Еу хузæ инней æййевуй. Мæнæ кулей бадуй нæ зундгонд инæлар. Æ алливарс – æхе кари нæлгоймæгтæ сæ тугъдон хуæрзеугути хæццæ. Æхцæуæнæй дзубанди кæнунцæ цæбæлдæр. Киеви вагзал. Сабурдзийнади фарсхуæцгути митинг. Вагзали фæзи адæмæй къохбагæнæн нæййес. Дзубанди кæнуй Дзилихти инæлар.

Никкидæр бабæй митинг. Нур ба Прибалтики... астæуккаг Уæрæсей сахартæй еу. Цæнхæ æма кæрдзини хæццæ си рацудæнцæ адæм стъарапойлæгти размæ. Уоми дæр зæрдиаг дзубандитæ, арфитæ. Еугонд Нацити Ассамблеймæ, Америки хецауадæмæ ке рарветдзæнæнцæ, еци мингай къохфинститæ – тугъди азар æхе уодбæл ка бавзурста, уони карз тæрхон тугъд æма тугъдæндзаргути нихмæ. Еци мингай советон адæймæгути хæццæ адтæй ирон инæлар Дзилихи-фурти къохæвæрд дæр.

Ци 'й римæхсон, сæрустур адтæн, Хайломæ уæхæн устур кади радæ ке æрхаудтæй, уомæй. Дзилихи-фурт æцæгæйдæр адтæй еци кади аккаг. Стъараполи крайи раздæри æфсæддон комиссар... Зудтонцæ 'й, кадæ ин кодтонцæ æ лæгдзийнадæн, æ ездондзийнадæн...

Фæцæй кинонивæ. Æнафонæ ке адтæй, уой гъуди дæр нæбал æркодтон. Исистадтæн æма телефонæй бадзурдтон Хайлой фатермæ. (Хайло фæстаг цалдæр анзи цардæй Пятигорски).

– Нæ дæ райгъал кодтон? – ниллæг гъæлæсæй æй бафарстон.

– Уанцон нæй! – бахудтæй Хайло. – Нерæнгæ мæ тезгъо кæнунмæ дæр ку нæма райевдалдæй.

– Телевизормæ кастæ?

– Кастæн уомæ дæр...

– Мæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй. Арфæ дин кæнун.

– Цæй туххæй? – ниддес кодта Хайло.

– «Сабурдзийнади поезди» туххæй.

– Æз ба зæгъун... Мах ба не 'фсийни хæццæ æндæр кинонивæмæ кастан. Уой зонгæй ба...

Æма райгъустон, æ бийнойнаг Оляйæн гъазгæй куд загъта:

– Нæ «поезд» бабæй рандæ 'й... Мах ба циуавæрдæр уарзæнтæмæ кастан...

Дагестани фæсте Хайло куста Стъараполи крайи æфсæддон комиссарæй – фондз анземæй фулдæр. 1976 анзи æртинсæйæндзудæй рацудæй æфсади рæнгъитæй. Рацудæй... Е бустæги уотæ нæй. Æрцардæй æ бийнонти хæццæ Пятигорски. Уайтæккæдæр бацудæй партий горкоммæ. Æма раздæри хузæн æновудæй архайун байдæдта ирæзгæ фæлтæрти гъомбæлади, скъоладзаути тугъдон-спортивон гъæзтитæ арæзуни гъуддæгути. «Зарница»-йи разамонæг, лекцитæ кæсæг... Уæдта профилактори «Дубрава»-йи хецау. Пятигорски кадгин цæрæги ном хæсгутæй еу.

Анзи размæ цалдæр хатти исæмбалдтæн æ хæдзари дæр. Фæууидтон, Германий ин немуцаг æвзагбæл ци киунугæ рауагътонцæ, уой дæр. Цæветтонгæ, тугъди хуæдфæсте Хайло куста сахар Хайлигенштадти сахари фиццаг советон комендантæй. Мæйдар æхсæвти дæр æ рохс идардмæ кæмæн калдæй, æфхуæрд æма тарст зæрæндтæ, æстонг сувæллæнттæ нифси, рæвдуди дзубанди кæми игъустайуонцæ, сæ нивгундæр исонибонбæл сæ ка æууæндун кодта, уæхæн адтæй еци уæззау бæнтти советон комендатурæ. Адтæй уæхæнттæ дæр, нæ комендатурæй идæрдти ка лигъдæй, знаги цæстæй имæ ка кастæй. Исарæхсун гъудæй уони хæццæ дæр, бауæндун сæ кæнун гъудæй нæ рæстдзийнадæбæл. Æма еци устур бæрни бацудæй уæд Дзилихти майор не 'фсади, нæ адæми номæй.

Ниффинста, еци бæнтти æхе цæстæй ци фæууидта, æ уодбæл ци бавзурста, уони. Зæрдæй, кæддзос æнкъарæнтæй финст киунугæ асæй устур нæ рауадæй, фал – гъудитæй æнхæст. Киунугæн æ еу хай мухургонд æрцудæй журнал «Мах дуг»-и.

...Дуккаг бон фæсарæфтæ, куддæр мæ уатмæ бахизтæн, уотæ дуар æрбахуастонцæ.

– Сæйраг дохтир дæмæ дзоруй, – дуарæй æ сæр æрбадардта æригон кизгæ уорс халати.

Сæйраг дохтир, рацæргæ саулагъз силгоймаг, телефонæй кедæр хæццæ игъæлдзæг дзубанди кодта, мæн æрдæмæ 'рбакастæй æма загъта:

– Де 'рдхуард кæд естæмæй гъаст кæнуй, уæд мæбæл æй ма баримæхсæ.

Хæтæл райстон, фæрсун æй:

– Кæми айтæ, дæ хуарзæнхæй? Кустæй, хæдзарæй уин исерæн ку некæми бал ес...

– Цидæр гъуддæгути туххæй рауадтæн. Игъосис, макумæ рандæ уо. Æхсæз сахаттебæл дæмæ зиндзæнæн.

Оляй амæнтæни уæлгъос æрбаййафтон. Хайло æй ходæзмолæгæнгæй рафарста:

– Куд æй, не 'фсийнæ, дæ цихт фæррæстмæ 'й?

– Кæд мæ къеретæ уæ зæрдæмæ фæццæуонцæ, уæд – фæррæстмæ 'й. Цидæр игъæлдзæг мæмæ кæсис аци изæр?!

– Мæ киунуги къохфинст фæдтæн. Абони 'й рарвистон Дзæуæгигъæумæ, – Оляй усхъæ рæвдаугæй æрдаудта Хайло. – Фæндараст ин зæгъун гъæуй, нæ? Максимæн ба æ къох лæгъуз нæй. Æма ин е фæндараст ку зæгъа, уæд хуæздæр нæ уодзæнæй?

– Уодзæнæй, – исарази æй Оля.

Медæмæ игон дуарæй мæмæ дзæбæх игъустæй Оляй игъæлдзæг дзубанди.

– Нæ лæги цъухæй «фæндараст» исхауæд, уæд мæ зæрдæ баресуй. Кæмити нæ фæррахауæбахауæ кодтан, кæмити нæ бамедæг ан! Мæ уат æфснайд нæма фæууинæ, мæ синхæгти зонгæ дæр нæма бакæнинæ, уотæ мæ уæлгъос æрбалæууидæ: «Оля, тагъддæр, рафæндараст мæ кæнæ...» Æма бабæй фæстæмæ еци цумадантæ... Æд сувæллæнттæ... Мæ медниммæр дес дæр фæккæнун, куд син ниффæразтон.

– Уарзондзийнадæ, – бахудтæн æз.

– Раст зæгъис. Е мæ ку нæ цирен кодтайдæ... Æхуæдæг ме 'вдесæн, еу хъур-хъур дæр некæд искодтон. Айдагъдæр хебæраги ку райзайинæ, уæд мæ туппуртæ исуадзинæ. Фæсмон мæмæ некæд æрцудæй. Мæ ирисхъæй некæд рагъаст кодтон. Уæдта, бахатир кæнæ, фал ма мæмæ еу амонд кастæй: тугъди размæ нæ фембалдан. Æндæр... Хъæбæр мæтæ кодтайнæ.

Оля ми дуккаг хатт хатир ракурдта.

– Мæ дзубандитæбæл мин ма фæхходæ. Æндæр ескæмæн сæ нæ радзурдтайнæ...

– Зонун æй... Ме 'рдхуард хийнæ æма налат æй. Æвæдзи æй зудта, Зæнгиати дзæбæх кизгæ æ мæтæй ести ку кæна, зæгъгæ, æма дæмæ, цалинмæ тугъд фæцæй, уæдмæ кауи зихъирæй дæр некæд бакастæй, – гъазæнхузи загътон æз.

Хайло дæр мæ фарс фæцæй:

– Дæ амонд адтæй æма мæ тугъди рæстæг ацирдæмæ нæ райевдалдæй. Раст зæгъун гъæуй, Æрæдони Зæнгиатæмæ уæхæн кизгæ ес, уой ку зудтайнæ, уæд имæ мæ уæргутæбæл дæр фæббурдайнæ. Мæ цæфтæ дæр нецæмæ бал æрдардтайнæ.

– Еци дзубандитæ мин нуриуæнгæ куд некæд ракодтай? – ниххудтæй Оля.

– Сосæг зар гъæрæй неке кæнуй, Оля, – дзуапп равардта Хайло æма мæн æрдæмæ æрбакастæй. – Уотæ нæй?..

Æз мæ сæр аразий тилд бакодтон.

– Æма 'й мадта ду дæр уотæ сосæггай уомæн зарис? – æ ходун райгъустæй Оляйæн.

– Ардигæй дзурд ка фæххæсса, уæхæн нæййес...

Дессаг æй бийнонти цард. Айдагъдæр цалдæр дзурди, æрфуги еу фезмæлд... Æма хахуртæ рацæуунцæ бийнонти царди сосæгдзийнæдтæбæл.

Оля æма Хайло... Цал хатти фембалдтæн сæ хæдзари, цал хатти исахустон сæ цæнхæ æма кæрдзинæй. Кæддæриддæр мæмæ уотæ кастæй, цума кæрæдземæн райгурдæнцæ, цума æнæ сæ кæрæдземæй сæ цард федаугæ дæр не 'скодтайдæ. Куд фæззæгъунцæ, еуæй-еу хатт ма тæбæгътæ дæр базмæлунцæ. Ка 'й зонуй, æрцудæй се 'хсæн дзубандитæ дæр. Æцæг сæбæл æз некæд фæссеск дæн. Некæд неке цæсти бафтудтонцæ сæхе. Е ба æнцон нæй. Æрдзæй рахæсгæ ездондзийнадæ ин гъæуй. Æма нуртæккæ гъазгæй цæбæл дзурдтонцæ, етæ секкаг нæ адтæнцæ.

Оляй фингæмæ, куд фæззæгъунцæ, мард дæр рабадтайдæ. Куд æй нæ растудтайнæ уæхæн фингæй. Уæлдайдæр æз, санаторий хуæруйнæгти фæсте.

– Нарти Сатанайæй мæ дессагдæр ку фæккодтайтæ!.. Раст зæгъгæй, хуæруйнаг кæнунбæл зæрдиагæй ку фæййархайун, уæд мин ести гъæуагæ æнæ рауайгæ нæ фæууй.

– Куддæриддæр гъæуй, уотæ 'нцæ, – цума дзубанди бакодтан, уоййау æмгъæлæсæй загътан Хайлой хæццæ.

– Мæ мадæ мин цæнхи туххæй еу хабар ахид дзоридæ. – Лæг, дан, гъæдæй фæлладæй æрцудæй. Хъæдори къос ин æ рази æрæвардтонцæ. Лæг си еу хупп искодта æма силгоймæгтæмæ



***нихкъуæрд раттун гъæуй, зæгъгæ. Командиртæ æма æфсæддонтæ еу усмæ фæуургъуйау æнцæ... Цæйбæрцæ æма цæйбæрцæ фæрнгун фæндитæ фегуппæг æнцæ!.. Нæ батальон æвæстеуатæй исаразта æмбурд. Нæ еугурей фæндонæй хаст æрцудæй унаффæ, цæмæй нæ, ци амал ес, уомæй тагъддæр фронтмæ рарветонцæ...»***






**ДЗИЛИХТИ Михал æ рæстæги куста Стъараполи крайи æфсæддон комиссарæй. Æма ин ами цæйбæрцæбæл бæрзонд кадæ адтæй, уомæн æвдесæн æй, сахар Пятигорски ци хæдзари цардæй, уой фарсбæл æ номæнæн къæйдорæй конд мемориалон фæйнæг æвæрд ке æрцудæй,е дæр. Уой игон кæнуни фæдбæл арæзт цитгин мадзали архайдтонцæ берæ дзиллæ, арфиагæй ин имистонцæ æ рохс ном. Мадзали архайдта Михали фурт Владимир, æма е уотæ загъта: «Хъæбæр æхцæуæн мин æй, айдагъ мæн фидæн нæ, фал тугъди еугур архайгутæн дæр кадæгонд ке цæуй, иронх ке нæ ’нцæ, е...»**
**Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.**

дзоруй: «Цæнхæ нæмæ нæййес?» Силгоймæгтæ кæрæдземæ бакастæнцæ, хъæдорæбæл цæнхæ ку никкодтан, зæгъгæ, фал лæгæн цæнхæ рахастонцæ. Е си æ арми дзаг исиста, тефсеги ’й никкодта æма тингунæй загъта: «Е ба си мадта мæ харзæй…» Уоййадæбæл æ фингæ ниууагъта.

– Оля, цийфæнди карз æмбесæндтæ нин ку фæккæнай, уæддæр мах нæ дзæбæх фингæ нæ ниууадздзинан... Дæ зæрдихудти нæ бацæуздзинан.

Фингæ мийнасæй фингæ ’й. Фингæ игъæлдзæгдзийнадæй, уарзон дзубандитæй, рæсугъд имисуйнæгтæй фингæ ’й. Раст уæхæн рауадæй мах фингæ дæр Дзилихти фатери.

Æз уотæ дзурдмондагæй некæдма фæуууидтон Хайлой. Гъуди дæр ке нæбал кодтон, кæддæри еци цаутæ ба мин мæ зæрдæбæл æрлæууун кодта. Сауæнгæ листæг гъуддæгути уæнгæ. Алагири бунмæ Худзухи зæнхитæй райдайæ, Цраури сæрмæ Хъабагъуати бамедæг уо, æ фидæ Бæбу цалдæр анзи бригадирæй ци халсарти бригади фæккуста, уордæмæ. Кæддæр нин Ходи сæрмæ Айларти зæнхгæс нæ цæвгутæ куд байста æма ин сæ æхсæвигон æ уосонгæй куд радавтан, еци æхсæвæй фæстæмæ уосонги рæзти цæун ку нæбал æндиудтан... Уæдта бабæй нæуæгæй – нæ райдайæн скъола. Фурбоцæй, Битарти Евгени академи ке худтан, уой. Не ’мбæлттæ, нæ фудаг миутæ...

– Евген нæ скъолайæй ку ратардта, е ба? Гъуди ма ’й кæнис? Скъолай азгъунсти сæр ку ниллухтæ кодтан...

– Гъо, куд нæ, – байдзулгæй, дзуапп равардта Хайло æма Олямæ бакастæй, еци цауи кой ин ракодта. – Цæветтонгæ, мартъий фæстаг бæнтти нæ Евген цалдæр биццеуемæй скъолай сæрмæ исхезун кодта. Уордигæй меттæ калдтан. Мет еуæй-еу рауæнти ниййех æй. Белæй ин нæ бон неци адтæй æма нæмæ фæрæттæ ислæвардтонцæ. Мах Хайлой хæццæ æцæг лæгти хузæн февналдтан, ех фæрæттæй карстан. Скъолай æмбæрзт сæрæн ницъцъæстæ кæнунæй тæссаг ке адтæй, е нæ гъудий дæр нæ адтæй. Уайтæккæ скъолай сæр ракæдзос кодтан. Евген нæ растудта. Æцæг дуккаг бон... Къæлæстæмæ бацæуæн нæбал адтæй. Тугуртæй дон мизтæй нæ дууей фудæй.

– Цæмæн уæ дууей? – цæмæдесæй рафарста Оля.

– Цалдæр рауæнеми нæ фæрæттæй байервазтан æма никкарстан скъолай сæр, – дзуапп равардтон æз. – Евген цæф арсау гъæрзтæй. Мах ба дууæ бони скъолай къæсæрæй бакæсун дæр нæбал æндиудтан. Нæхемæ дæр хъур-хъур кодтонцæ, уæ сæртæ кæми адтæнцæ, зæгъгæ. Уæдта мæ фидæ Микъо кæцæйдæр песе (смола) æрбаласта. Бæбуй хæццæ ’й ниттайун кодтонцæ. Байсарстонцæ си скъолай сæр. Мах дæр сæмæ Тулатти Агубей хæдзари тегъæй сосæггай кастан æма нæ меднимæр цийнæ кодтан. Нæ ахургæнæг Мария Николайи кизгæ Дзапаридзе кæцæйдæр æрбацудæй æма нæ æ хæццæ ракодта. Евгени рази æрлæудтан. Еуцæйбæрцæдæр е неци исдзурдта, уæдта нин уотæ:

– Сæр айдагъ ходæ дарунæн нæй. Сæр Хуцау гъуди кæнунмæ равардта...

– Фæррæдудæнцæ, – нæ сæрбæл рахуæстæй Мария Николайи кизгæ.

Евген æнæбари бахудтæй.

– Фæррæдудæнцæ... Æма уæд сæ кæрæдзей æдули сæртæмæ куд нæ фæррæдудæнцæ?

– Ниххатир син кæнæ... Ахур лæгъуз нæ кæнунцæ, – загъта бабæй Мария Николайи кизгæ.

– Уони карæнæй мах гъæддзаутæ адтан...

– Не ’ригон ахургæнæги нихмæ æ бон неци адтæй не скъолай тингунгæнагæ хецауæн. Уомæн æма...

– Уомæн æма хъæбæр ихæсгин адтæй еци къæсхуртæ, саулагъз гурдзиаг кизгæй... – æ дзурд багæлста Хайло.

– Æма куд нæ, кæд æма ’й мæлæти цъухæй байста.

– Игъосæ, Оля, Алагири ци бæгъатæр силгоймæгтæ адтæй, уонæй айдагъдæр еуей хабармæ, мæнæ мах хузæн фудаг лæхъуæнти æ еу къохæй цардмæ ка ракодта, уой хабæрттæмæ, – æхе нæбал бауорæдта Хайло æма дзорун райдæдта:

– Нæудæсæймаг анзи уорсгвардионтæ Алагирмæ ку æрбампурстонцæ, уæд сæмæ кадæр цъух бахаста, Евген, дан, сурхити хæццæ баст æй, зæгъгæ. Хъазахъаг афицер имæ скъолай дуармæ æхсаргард исласта. Уæлбæхæй имæ æвзедуй. Евген ин ку нæ састæй, уæд æхсаргард идард фæххаста. Гъа нур æрцæва, зæгъгæ, уотæ се ’хсæн февзурдæй æригон ахургæнæг Мария Николайи кизгæ. Æ галеу цонг хæрдмæ фелваста, ма ниццæвæ, зæгъгæ. Æхсаргарди æскъот... Æма кизги цонг зæнхи равзурдæй. Евген фæййервазтæй, фал Мария Николайи кизгæ æнæ цонгæй байзадæй. Æхе еунæг кизги хузæн æй рæвдудта Евген æ базæронди бонмæ. Уæхæн хестæр нæ адтæй Алагири, Марийæн æ ходæ ка нæ исистайдæ, уомæн арфæ нæ ракæнгæй æ рæзти ка райевгъудайдæ. Кæстæртæ ба, кæстæртæ... Нæ фæткъути, нæ кæрдтути хуæздæртæй æй цох некæд ниууагътан. Тугъди фæсте Германий ку службæ кодтон, уæд Алагири райæнхæсткоммæ финстæг бæргæ ниффинстон, Алагири фиццаг райдайæн скъолайæн Мария Николайи кизги ном лæвæрд ку ’рцæуидæ, уæд хуарз уидæ, зæгъгæ. Неци дзуапп мин равардтонцæ. Райхалдтонцæ скъола. Æ бунати ин исамадтонцæ устур бæстихай. Бæстихаййи бæрзонд фæрстæй еуебæл дæр финст нæййес, кæддæр æ бунати Алагири фиццаг скъола ке адтæй, е. Еу фæйнæги гæбазæ ниффедар кæнун ни неке сæр æрахæста.

– Æма Æрæдони ба? Ирон адæми рохсади фиццаг курдбадзæ – семинарæй ба ци зæгъис? – ниууолæфтæй Оля.

Оля æ фингæ радзæбæхтæ кодта. Еуцæйбæрцæдæр ма нæ имисуйнæгтæ фæлмæн базурти æхцæуæн сур-сурмæ фегъустан, уæдта мæмæ Хайло æ косæн уатмæ фæдздзурдта. Стъоли лагъзæй исиста æ зæронд тетрæдтæ æма æнахур фæлмæн гъæлæсæй загъта:

– Æцæг рагацау бадзубанди кæнæн, ке мæбæл нæ фæхходдзæнæ, уой туххæй.

– Уанцон нæй. Цæй туххæй? – загътон æз æма, ка ниббор æй, еци зæронд тетрæдтæбæл мæ цæстæ æрхастон.

– Æмдзæвгитæ... Нæхемæ сæ тугури мæ мади зæронд кири иссирдтон. Гъавтон, нискъудтæ сæ кæнон, зæгъгæ, уæдта мæмæ цæмæдæр гæсгæ æвгъау фæккастæнцæ. Нæуæгæй сæ рафинстон. Цидæртæ ма сæбæл рафтудтон. Еу-дууæ дин си бакæсон? Æцæг, куд загътан, уотæ...

Цалдæр мин си бакастæй. Раст зæгъун гъæуй, бустæги рæвдзæ нæ адтæнцæ. Фал æз еци сахат æмдзæвгити гъæуагæддзийнæдтæбæл нæ гъуди кодтон... Тугъдон инæлар æма æмдзæвгитæ... Етæ ма никкидæр еу æвдесæн адтæнцæ Хайлой кæдзосзæрдæн, æ ездондзийнадæн. Уонæн ба, æвæдзи, хумæтæги дзубандитæ фагæ нæ адтæнцæ, поэтикон æнкъарæнтæ син гъудæй.

– Райсæ сæ... Ку дæ райевдæла, уæд сæмæ ’ркæсæ. Зæрдæбæлдарунæн, – загъта Хайло æма мин мæ пъæлитой дзиппи е ’мдзæвгитæ нитътъунста.

Сауæнгæ санаторий уæнгæ мæ хæццæ рацудæй. Уоми дæр ма еу сахатти бæрцæ фæллæудтан. Уæддæр нæ дзоруйнæгтæ дзурд нæ фæцан.

Санаторийæй нæхемæ цæуни хуæдразмæ бадзурдтон Хайломæ. Оля мин дзуапп равардта:

– Сæумæй ардæмæ имæ æнгъæлмæ кæсун. Æз ба, зæгъун, кæд дæумæ ’й. Циуавæрдæр анализти туххæй æй дохтиртæ сæ разæй искодтонцæ.

– Ести ’й фæхъхъор кæнуй? – бафарстон Оляй.

– Уотæ неци...

– Вагзалæй ма имæ бадзорддзæнæн.

– Хуарз. Нæхеуонти мин бафæрсæ, – фæлмæн гъæлæсæй загъта Оля. – Гъо, хæдæгай, фæдзахста ма, киунуги къохфинстмæ, дан, æ цæстæ фæддарæд.

Дзурдтон ма вагзалæй. Хайло сæхемæ нæ адтæй.

Декабри цуппæрдæсæймаг бони мæмæ Алагирæй Хайлой кæстæр æнсувæр Аслæнбегæй адтæй гъæргæнæг. Рахъан æй Дзилихти федар мæсуг...

## ÆВГЪАУ АДТÆЙ, ХЪÆБÆР ÆВГЪАУ...»

...Æрæгвæззæг. Листæг сæлфунæг кæнуй. Иригъæуи æртиндæсæймаг скъолайæй рахизтæн. Мæ над ракодтон, уой фарсмæ аргъауæни тургъи, Къоста дæр æвæрд кæми ’й, еци уæлмæрдтæбæл. Бæлæстæбæл ма ци еугай сифтæ байзадæй, етæ уомæл зæнхæмæ хаудтæнцæ. Уазал думгæ кодта.

Уæлмæрдти бахезæни галеуæрдигæй Дзилихти инæлари цирти уæлгъос баййафтон минкъийгомау къæсхуртæ нæлгоймаги. Æ пъæлитой æфцъæкъуатæ хæрдмæхадт, æ цъæх уæлдзарм ходæ æ галеу къохи. Æ лæгун сæр æ реубæл æруагъта, уотемæй æдзинæг кастæй цирти сæрмæ æвæрд къæйдормæ. Циртдзæвæни бунмæ бакъуар æнцæ, нур ма хуæрзæрæги ке ’рбахастонцæ, уæхæн астæ деденгутæ.

Лæг махæрдигон нæ адтæй. Ме ’нахур кæститæбæл мин, æвæдзи фæссекк æй, цума мæ хæццæ нæ, фал циртдзæвæнмæ дзурдта, уоййау ниллæг гъæлæсæй загъта:

– Душанбейæй дæн. Реданти санаторий мæ фæллад уадзун. Нæбал æй æрбаййафтон... Тугъди фæсте Германий еумæ службæ кодтан... Ардæмæ ку цудтæн, уæд Стъараполбæл мæ над ракодтон. Æз ма ’й уоми æнгъæл адтæн...

Дууемæй дæр нарæг гъæунгæмæ рахизтан. Иуазæг ма бафарста:

– Ду ба ин ка дæ?

Мæхе ин байамудтон. Е арф ниууолæфтæй æма бабæй еци ниллæг гъæлæсæй загъта:

– Æвгъау адтæй, хъæбæр æвгъау.

Уардта… Листæг сæлфунæг кодта… Еугайййæй æгъзалдæнцæ бæлæсти уæззау сифтæ.

***Май, 1987 анз.***




**ДЗИЛИХТИ Михали æносон бунат иссæй Дзæуæгигъæуи Ирон аргъауæни тургъи уæлмæрдтæ.**

*Георгий ХЕТАГУРОВ (1903-1975), участник Великой Отечественной войны, Герой Советского Союза, генерал армии: «Прививать молодым людям любовь к армии, к ее ритуалам – святая обязанность каждого начальника. Воспитание воина немыслимо без обращения к героическому прошлому наших Вооруженных Сил. Только тогда, когда он почувствует, что принял и несет эстафету боевой славы старших*



# И СТОИТ ВСЕГДА ПОМНИТЬ,

## ЧТО В ГЕНАХ КАЖДОГО ИЗ НАС ТЕЧЕТ КРОВЬ ПОБЕДИТЕЛЕЙ В ТОЙ СВЯЩЕННОЙ СХВАТКЕ ДОБРА И ЗЛА…

### ФАШИСТСКОЕ НАШЕСТВИЕ

22 июня 1941 года, 85 лет назад, гитлеровцы ударили мощно, цинично, без объявления войны, исподтишка, нарушив все представления о чести, традициях и своем хваленом рыцарстве. Еще ни одна большая война в мировой истории никогда не начиналась так вероломно. Как правило, конфликт вызревает, ведутся переговоры, идет обмен дипломатическими нотами, угрозами, затем возможны провокации и приграничные сражения и только потом идет объявление войны. К тому же между Германией и Советским Союзом действовал Договор о ненападении, и обе стороны до последней минуты не прекращали контакты. В экономической сфере, на политическом и дипломатическом уровнях была тишь да гладь. В этих условиях даже тревожные сигналы советских нелегалов-разведчиков и военных выглядели необоснованно и провокационно. К войне готовились и ожидали, но не к такой молниеносной. Никто не мог и предположить, что немцы используют совершенно новую стратегию, развернув фронт почти в полторы тысячи километров.

К 22 июня 1941 года в соответствии с планом «Барбаросса» у границ СССР было сосредоточено 190 дивизий, которые поддерживали 4 воздушных флота, а также финская и румынская авиация. Гигантская армада насчитывала 5,5 млн человек, около 4300 танков, свыше 47 тыс. полевых орудий и минометов, около 5 тыс. боевых самолетов. Факты подтверждают, что немецко-фашистские войска и соединения их союзников, развернутые к началу войны на границе, превосходили войска СССР более чем в два раза. Фашисты сделали ставку на внезапный и стремительный удар. Тайна коварного нападения сохранялась до последней секунды.

В нашей советской стране ночь с 21 на 22 июня обычно совпадала со школьными выпускными вечерами. Война, как горная лавина, обрушилась на жизнь выпускников 1941 года, среди которых оказался и мой дед Георгий Дмитриевич, впоследствии попавший в Ржевскую «мясорубку». Второй мой дед-фронтовик, белорус, Григорий Адамович, 22 июня 1941 года уже сражался на границе в первом танковом бою с фашистами в г. Алитус (Литва) в составе 5-й танковой дивизии.

На территорию БССР (современной Беларуси) в тот роковой день наступала самая мощная группировка немецких войск – группа армий «Центр» в составе 4 и 9 полевых армий, которых поддерживали 1600 боевых самолетов. Массированные бомбежки белорусских городов продолжались на протяжении всего первого дня войны. Согласно архивному документу («Журнал военных действий штаба Западного фронта»), в 4 часа утра немцы уже бомбили Брест, в 4:30 – Волковыск, в 5:35 две группы самолетов атаковали Лиду… Германская авиация била по мостам, аэродромам, военным частям, пассажирским поездам, а 23 июня бомбы падали и на столицу – Минск. В неравный бой с немецко-фашистскими захватчиками в первые часы войны вступила Брестская крепость. По всей западной границе рвались снаряды, гибли люди. Это было начало самой страшной, самой разрушительной войны за всю историю человечества. Немцы смогли нанести нокаутирующий удар. После такого не всем дано подняться. И возникают вполне логичные вопросы, которыми бурлит историческая наука.

Были ли ростки будущей Победы в тех трагических днях 1941 года? «Драпала» (по выражению некоторых либералов) наша армия или все-таки это были «временные трудности»?

Данные подтверждают, что на первые тяжелейшие шесть месяцев 1941 года пришлось более трети всех потерь СССР. Гитлеровцы буквально выгрызли у нас значительную часть территории, враг практически дошел до Москвы. Существует масса документальных фактов со свидетельствами героизма, организованности наших бойцов и командиров, полководческих озарений, и тут же доказательства ошибок и просчетов наших стратегов, трусости, бездарности, преступной халатности некоторых. Как воспринимать и осмысливать начальный период войны: гордиться или осуждать действия руководителей, военачальников, армии?

В новое постсоветское время всæ вдруг стало очень туманно, сместились фундаментальные основы, история начального этапа войны стала полем ожесточенных схваток, смысл которых – развенчать в глазах народа этот период, превратить его в сплошной позор и неудачи. Однако у меня перед глазами воспоминания живого свидетеля той эпохи, моего деда-фронтовика.

Первый день войны Григорий Адамович встретил на границе, в литовском Алитусе. Как он вспоминал, массированный обстрел границы немцы начали около четырех часов утра. Накануне была учебная боевая тревога. Логично было предположить: может быть, продолжаются учения? Но очень быстро пришло осознание того, что в этот раз всæ по-настоящему. Прямо на заставе их 5-я танковая дивизия приняла неравный бой с двумя немецкими – 7-й и 20-й. К слову, это был один из первых танковых боев в истории войны. Дивизия сражалась в одиночку, без поддержки артиллерии, авиации. По свидетельствам немецких генералов, этот бой для них был одним из самым тяжелых. «Они храбры, эти русские танкисты. Из горящей машины они стреляют до последней возможности», – писал в своих воспоминаниях обер-ефрейтор 20-й танковой дивизии Дитрих. Фашисты с ходу встретили яростное сопротивление, ощутив на себе танковые тараны, потеряв не менее 30% живой силы, около 170 танков и другой техники. Почти десять дней советские танкисты пробивались к своим. Часть из них вышла из окружения под Борисовом (Беларусь).

Мой дед, инвалид войны Григорий Адамович, приоткрыл часть картины того трагического лета 41 года. Как участник, он говорил о неразберихе, об ужасах окружения, обо всем, что ему пришлось пережить. Но между строк его рассказов было отчетливо видно, что с одной стороны была жесточайшая, неудержимая, свалившаяся на страну, словно глыба льда, фашистская сила и была Красная армия, оглушенная, истекающая кровью, но героически устоявшая на ногах и ожесточенно сражающаяся за каждую пядь земли. Разве армия «драпала»? Разве это поражение?

Первый год войны – самый страшный и определяющий весь ход баталий период. Чаша весов могла склониться в любую сторону. Ведь «сверхчеловеки», как немцы себя величали, покорившие всю Европу, надеялись на такую же легкую «прогулку» на своих танках и самолетах по нашим советским просторам, но, к их ошеломлению, гитлеровцам не удалось увидеть страх и ужас в глазах «дикарей». «Прогулка» обернулась кошмаром, они попали в длительный «замес», натолкнулись на яростное сопротивление всего советского народа, сломавшего в итоге хребет фашистской гидре.

Вот отрывок из книги «Война» писателя и фронтового корреспондента Ильи Эренбурга, где собраны публикации с июня 1941 года по апрель 1942-го. Многие из них построены на письмах, дневниках убитых или взятых в плен немецких солдат и офицеров:

«На убитом ефрейторе Рузаме нашли три письма, он не успел их отправить. Первое письмо помечено 31 июля. В нем чувствуются первые сомнения:

«Прошло уже шесть недель, как мы находимся в чужой стране. Войну на востоке мы представляли себе иначе. Мы знали, что русские будут драться, но никто не предполагал, что они будут так отчаянно драться. Мы принимали участие в районе Орши. Надеемся увидеть скоро русскую столицу. Тогда эта ужасная война кончится…»

Прошла всего неделя, и 5 августа ефрейтор пишет:

«У нас одно желание – скорее бы кончилась эта ужасная война! Если Москва падет, русские увидят безнадежность своего состояния. Но я думаю, что лучше было бы не начинать этой войны. Во всяком случае, то, что мы пережили в России, нельзя сравнить с Францией и Польшей. Здесь в любой день можно потерять жизнь…».

Историческая наука до сих пор не разобралась в периодизации войны. Можно ли отрывать июнь – декабрь 1941 года от победного мая 1945?

На этот счет есть размышления Героя Советского Союза, маршала Сергея Федоровича Ахромеева, которые он публично высказывал еще в 1991 году. Важно, что действия армии в начальный период войны оценивал не «диванный» историк, а высокий военный профессионал. Он акцентировал внимание на ошибке многих исследователей и журналистов, касающихся этой темы, особенно подчеркивая мысль, что начальный этап войны нельзя вместить в несколько самых первых трагических недель. По мнению фронтовика, истина состояла в том, что начальный этап четырехлетней битвы включал в себя весь 1941 год. И он состоял не только из боевых действий. Эти тяжелейшие 6 месяцев вместили в себя очень многое, в том числе и эпизод нападения. И наступление немцев на Смоленск, где они были остановлены, и ожесточенные сражения за Москву, когда в результате наступательной операции наших войск фашисты были отброшены от столицы на сотни километров. И самое главное, Красная Армия, потерпев ряд временных неудач, в то же время сорвала гитлеровский план блицкрига. Вермахт понес огромные потери.

Ровно эту же мысль подтверждал мыслитель и философ Вадим Кожинов, размышляя о том, что Победа советского народа в Великой Отечественной войне, как и любое явление, имеет свой генезис: от этапа коварного удара врага, временных жестоких поражений до установления равновесия, а затем победного движения вперед. Таким образом, каждое событие на войне опосредованно. Каждое временное поражение содержало в себе зерна будущей победы, а в каждой победе оставалась горечь утрат.

**В вооружение сухопутных войск Красной Армии 21 июня 1941 года была принята реактивная артиллерия – гвардейские минометы («Катюша»). В числе первых командиров этих частей был и Казбек Карсанов, впоследствии удостоенный звания Героя Советского Союза и звания генерал-майора.**

*поколений, только тогда молодой солдат с полной отдачей душевных и физических сил, с любовью и гордостью будет повседневно вершить свой нелегкий ратный труд... Но как стать смелым, отважным, что нужно для этого? Прежде всего следует сказать, что храбрость – качество не врожденное. Оно воспитывается в человеке точно так же, как всякие другие морально-боевые качества...»*



В июне-августе 1941 г. героические сражения Красной Армии на белорусской земле сорвали фашистские планы «молниеносной войны» с Советским Союзом. Здесь гитлеровцы обломали себе зубы, уже в первые дни встретив небывалый отпор, какого не испытали ни в одной из своих военных европейских кампаний.

Брестская крепость стала символом сопротивления и непокорности советского народа. Минск уже был взят, а ее героический гарнизон упорно сражался с врагом свыше месяца. Защитники Брестской крепости, люди разных возрастов, национальностей, первыми встретили катастрофу, не упали на колени и первыми по-настоящему дали фашистам отпор.

Посещая Брестскую крепость, всегда по-новому ощущается энергетика этого священного для нас места. Помню, как в 2025 году, в ночь на 22 июня, нескончаемый людской поток шел, чтобы почтить память защитников Отечества и жертв Великой Отечественной войны. Главный монумент «Мужество» благодаря световым эффектам как будто ожил. У входа в цитадель горела Красная звезда. До мурашек, до дрожи… Более 35 тысяч человек со всех уголков нашего постсоветского пространства это ощущали. Именно в таких символичных точках нашего Отечества стоит поискать столбовые идеологические опоры всей нашей цивилизации.

Не стоит забывать, что уже в начальные дни войны на территории Беларуси было организовано партизанское движение. Согласно докладной записке НКГБ БССР от 5 июля 1941 года, первые партизанские отряды и группы были созданы уже 26 июня 1941 года. В их состав вошли работники НКГБ, НКВД и курсанты Могилевской межкраевой школы. Всего 14 отрядов общей численностью около 1162 человека. В начале июля термин «партизан» уже имел юридический статус. При всем желании некоторых деятелей, в организационной гибкости даже в первые дни войны советское руководство сложно упрекнуть. Результаты организации партизанского движения не заставили себя ждать. «Русский сумел настолько усилить наши транспортные трудности разрушением почти всех строений на главных железнодорожных линиях и шоссе, что фронт оказался лишенным самого необходимого для жизни и борьбы. Подвозить боеприпасы, горючее для автотранспорта, продовольствие и зимнее обмундирование стало невозможно», – писал в своем дневнике 7 декабря 1941 года командующий группой армий «Центр» генерал-фельдмаршал Федор фон Бок.

Каждый период Великой Отечественной войны имеет свою трагически-героическую окраску, свои падения и вершины. Отступления 1941 года, Минск, Киев, Харьков, оборона Ленинграда – это академия, которую проходили наши бойцы, командиры, полководцы. Обороной Москвы завершился первый этап. Сталинград – это начало третьего. Ржевская битва была серединой, этапом равновесия, самого упорного противостояния, когда чаша весов могла склониться в любую сторону. Разрушенная, но не покоренная Брестская крепость – это начало пути к Великой Победе!

Фашистов поражали и, по их документальным признаниям, угнетали боеспособность Красной Армии, отсутствие уныния и растерянности даже в самых критических ситуациях, умение возрождаться буквально из пепла. По свидетельствам немецких генералов, это было самым тяжелым испытанием, подрывающим моральный дух педантичных псов-рыцарей. Умение русского солдата непостижимо быстро восстанавливаться наводило ужас, в этом виделось что-то сверхъестественное. Весь мир восхищался нашей стойкости, пытаясь отыскать ее истоки.

В чем сила, брат? На этот вопрос, ставший в наши дни крылатым, в то время многие пытались найти ответ. Из каких источников советский народ черпал силы для организации сопротивления на фронте и в тылу?

Каждая эпоха рождает людей честных и преданных своему делу. Таким оказался журналист Лейланд Стоу, входивший в число звезд американской журналистики 40-х годов прошлого века. Он был отмечен Пулитцеровской премией и являлся, по сути, единственным американцем, побывавшим летом 1942 года под Ржевом, став свидетелем самой кровопролитной битвы времен Великой Отечественной войны. Свой очерк «С Красной Армией на Ржевском фронте», разошедшийся по всему миру, он опубликовал в 1942 году в американской прессе. В Советском Союзе он был переведен и напечатан в январском номере журнала «Знамя» за 1943 год. Вот некоторые цитаты:

«Солдаты этой Красной Армии – Солдаты с большой буквы, и их боевой дух превосходен. После шестнадцати месяцев непрерывных и страшных испытаний военные действия на Ржевском фронте показывают, как поразительно высок дух русских войск. Я побывал на семи далеко отстоящих друг от друга театрах войны – от Норвегии до Китая, но я нигде не видел солдат так хорошо развитых физически и с таким высоким боевым духом.

В Красной Армии имеются тысячи лейтенантов, капитанов и майоров, которые своим положением и образованием обязаны возможностям, предоставляемым в Советском Союзе детям простого народа.

За девять дней моих поездок по этому фронту я нигде ни разу не видел русского солдата, офицера или комиссара, у которого на лице можно было прочесть хотя бы тень сомнения и неуверенности в победе.

Красная Армия представляет собой сильную духом боевую единицу, мощную, непоколебимую, уверенную в своей силе, вооруженную упорством, молчаливым терпением и замечательной выносливостью, свойственными русскому народу. Особо следует отметить у русских солдат и командиров силу их характера. Эта сила характера является результатом жизни, полной непрерывного труда, и привычки к тяжелой и упорной работе. Гитлер полагал, что он сделает из немцев солдат, более крепких духом и телом, чем русские. В этом он ошибся…».

Прогрессивный журналист Стоу открывал Америке глаза, и двигала им не абстрактная любовь к Красной Армии и СССР. Он старался быть предельно объективным, шел против господствовавшего тогда в американском обществе мнения о Советском Союзе, Красной Армии и русском солдате, попутно совершая революцию в умах своих сограждан. С большой натяжкой можно констатировать, что популярный в наши дни Такер Карлсон принял эстафету у Лейланда Стоу.

Дух – выше силы! У советских поколений был смысл в жизни. И на войну с фашистами люди шли защищать не только любимую Родину, родной дом, но и советский строй, само право на мечту. Вот формула Великой Победы! Страна и общество были готовы не только в идеологическом, но и в экономическом смысле. Полный разгром империалистической Германии, опиравшейся на всю европейскую мощь и мировой финансовый капитал, означал не только военную и политическую, но также экономическую победу СССР – государства рабочих и крестьян с общенародной собственностью на средства производства. Говоря современным языком, Советский Союз обладал полным технологическим суверенитетом.

Сейчас мы снова находимся в состоянии уже новой, современной гибридной прокси-войны. За многие века противник у нас не поменялся, но стал более изощренным, коварным и многочисленным. Коллективный Запад уже долгие годы наносит комбинированные удары по экономике, политике, информационной сфере, бьет прямой наводкой по сознанию граждан России, Беларуси, сеет раздор по всему постсоветскому пространству и методично вбивает клин в наше многонациональное Евразийское сообщество. Новые западные «крестоносцы» долгое время чужими руками сражаются против России и на поле боя, как в далекие 40-е, не щадя и гражданское население.

Уроки истории бесценны, особенно сейчас, когда у границ России и западной границы Союзного государства – Беларуси – «тучи ходят хмуро», и там беспрерывно копошатся большие силы НАТОвского контингента. В далеком 1941-м советское руководство, безусловно, видело фашистские приготовления, но сдержанно к ним относилось. Сейчас наше союзное пространство застраховано от подобных неожиданностей. Мы полностью раскусили западных «партнеров», зная никчемную цену их обещаний и заверений.

Современные войны уже совсем другие, многоуровневые, порой неосязаемые – гибридные. Идет сумасшедшая гонка вооружений и технологий. Киносказка про «терминатора» становится былью. «Война машин» уже началась, и люди все больше вытесняются «за скобки». Тысячи моделей беспилотников, ИИ и человекоподобных роботов-гуманоидов активно испытывают и используют не только в промышленных мирных целях, но и на театрах боевых действий. И предельно важно, чтобы тактические и инженерно-технические вопросы не увели нас в сторону от глубинного понимания такого многомерного события, как война, и роли в ней духа и личности.

Сравнивать советскую и нашу новую эпоху через трафарет по многим объективным причинам бессмысленно и недальновидно. Весь мир, да и философия, принципы существования, метафизика и устройство нашей жизни кардинально изменились. Между тем никто не может запретить нам прислушиваться к голосу прошлого, отыскивая там ключи в будущее. Есть вечные темы для человечества, и Великая Отечественная война относится именно к таким. Каждое поколение сможет найти здесь для себя ответы не только на цивилизационные вызовы, но и разглядеть свой личный путь, чтобы занять достойное место в жизни. И стоит всегда помнить, что в генах каждого из нас течет кровь победителей в той священной схватке добра и зла.

***Алексей СИНЕНКО,***
***публицист***

*Данную статью перепечатываем из газеты «Советская Россия», номер от 4 июня с.г. (там она помещена в тематическом приложении «Отечественные записки» под названием «От Бреста – в Подмосковье и – на рейхстаг»)*



**Героическая оборона Брестской крепости, чей гарнизон дал мужественный отпор немецко-фашистским захватчикам, началась 21 июня 1941 года и длилась до 20 июля того же года. В рядах защитников крепости сражались и выходцы из Северной Осетии.**

*Мартин Лютер КИНГ (1929-1968), американ æхсæнадон архайæг: «Дуйней бæллæхтæн сæ устурдæр æй тугъд. Е æверхъау гъезæмæрттæ бавзарун кæнуй адæмæн: фехалуй дин, паддзахæдтæ, бийнонти цард. Цийфæндий æрдзон фидбилизтæй дæр е æбуалгъдæр æй...» Аци фæдеси загъд недзамантæй ардæма бæргæ изæлуй, фал... Тугъдмондаг азуймæгтæ цæмæдæр гæсгæ фæттухгиндæр унцæ рæстзæрдæ диллитæй...*

## «ИРОНХ НИ НЕКЕ ÆЙ, ИРОНХ НИ НЕЦИ ÆЙ...» АЦИ ТАБУЙАГ ФÆДЗÆХСТ ÆНХÆСТ КÆНУНÆЙ НÆ ЕУГУРДÆР ИХÆСГИН АН...




***ТАУИТТИ Дриси фурт Дзегут райгурдæй 1921 анзи Дигоргоми Тауитти гъæуи. Сæ бийнонтæ 1927 анзи ралигъдæнцæ Синдзигъæумæ. Скъолай ахур кæнгæй, Дзегут газеттæмæ æрвиста уадзимистæ, фæццалх æй æмдзæвгитæ финсунбæл дæр. Æ уадзимистæ ахид фæззинниуонцæ журнал «Нæуæгдзау»-и. Дзегут астæуккаг скъола каст ку фæцæй, уæд имæ фæдздзурдтонцæ Сурх Æфсади рæнгъитæмæ. Устур Фидибæстон тугъд æй æрæййафта нæ бæсти хорнигулæн арæнбæл. Тугъди размæ Дзегут е 'мдзæвгитæй еуеми Райгурæн бæстæн соми кæнгæй уотæ финста: «Дæ сæрбæлтау тохмæ цæттæй лæуун...» Æма уотæ рæстуодæй ке соми кодта, уомæн ирд æвдесæн иссæй æ цубур, фал æхсаргин ирисхъæ. Тугъди уæззау нæдтæбæл намусгинæй рацæугæй, Тауитти тугъдон 1944 анзи мæлæтдзаг цæфтæ фæцæй, уотемæй ма 'й æфсæддон сæйгæдонæмæ ма бæргæ бахъæртун кодтонцæ, фал ин дохтирти бон неци бал бацæй... Тугъди фиццаг бæнтти хабæрттæ Дзегут фæффинста æ бонуги. Гъулæггагæн, æ бонуг æнхæстæй нæ байзадæй, æма ма си уæддæр ци скъуддзæгтæ райервазтæнцæ, уони мухур кæнæн.***

**1941 анзи 21 июнь.** Æмбесæхсæвæ. Еу ефрейтори хæццæ мин байихæс кодтонцæ нæ тугъдон лагерь гъæуай кæнун. Нæ лагерь адтæй сахар П-йæй инсæй километри искæсæнæрдæмæ. Махæй паддзахадон арæни 'хсæн адтайдæ фондз километрей бæрцæ. Не 'мбæлттæ нæ райиивтонцæ, æма нæ фæллад уадзунмæ рандæ ан. Еу-дууæ сахаттей бæрцæ рафунæй кодтан, уæдта райгъал ан тугъдон фæдесмæ. Нæхе рарæвдзæ кодтан. Раст еци сахат фашистти хуæдтæхгутæ фæззиндтæнцæ нæ тæккæ сæрмæ, пулеметтæй нæ æхсун байдæдтонцæ. Бæрзонд кæмидæр ба гув-гув кодта «Рамæ». Мах балæдæрдтан, е иннæ хуæдтæхгутæн надамонæг ке адтæй. Знаги хæццæ нæ истох кодтан, уотемæй хорискæсæнæрдæмæ рандæ ан еуцæйбæрцæдæр. 22 июни æхсæвæй фæстæмæ хорнигулæнмæ цæун райдæдтан. Сæумæй авд сахаттебæл бахъæрттан сахар Р-мæ. Арæнмæ ма дууæ километри æма æрдæг кæми гъудæй, уоми нæхе æрфедар кодтан.

Æмбесбон адтайдæ, уотæ бардзурд райстан: «Æхсун райдайетæ фашистон батарейти». Цуппар сахаттей дæргъи нæмгутæ ехуарæгау кодтонцæ немуцбæл. Фæстæмæ сæхе райстонцæ, æма мах дæр не 'хсун ниууагътан. Уордигæй изæрмæ бæстæ адтæй сабур.

Еуафони хонсарæрдигæй фæззиндтæй авд фашистон бомбæгæлдзæги æма дууæ «мессершмитти». Кæд бæрæг рауæн лæуудтан, уæддæр нæбæл бомбитæ не 'ргæлстонцæ, айдагъдæр нæ истребительтæ æхстонцæ пулеметтæй.

**1941 анзи 5 июль.** Тугъд æ карзи бацудæй. Знаги фестæг æфсæдтæ размæ лæгарстонцæ. Дзармадзантæй сæ æхстан æнæрлæугæй. Берæ си фæгъгъудæй. Ка ма си байзадæй, етæ сæхе фæстæмæ райстонцæ. Еци тугъди ни фæгъгъудæй еу-дууадæс тугъдони æма дууæ дзармадзани. Нæ медбунати лæуун нин пайда нæ адтæй æма цалдæр километри фæстæмæ рацудан. Идарддæр ци хабæрттæ адтæй, уони лæмбунæг финсунæн мин фадуат нæййес, фал радзорунмæ гъавун, знаг нæ алливарс куд æртумбул æй, æстдæс боней дæргъи мæлæтдзаг тох фæккæнгæй, нæ къохи ке неци бафтудæй, уой туххæй.

**1941 анзи 2 август.** Фегъосун нин кодтонцæ, Гитлер, дан, æ тугъдонтæн бардзурд равардта Æхсæзæймаг æма Дууадæсæймаг советон æфсæдти бундзагъд никкæнун. Никки ма син зæрдæ байвардта, уой фæсте син дууæ мæйи бауолæфуни фадуат ке ратдзæнæй, уомæй.

Æхсæзæймаг æма Дууадæсæймаг æфсæдти нихмæ немуц æрæвардтонцæ æвзаргæ 'фсæдтæ. Алли бон дæр æгъзалдтонцæ бомбитæ. Еци «Рамæ» нæ уæгъдæ некæд исуагъта. Бахаудтан хъæбæр зин уавæри, æртæ хатти нæбæл æзнæгтæ аллирдигæй сæхе æртухтонцæ. Фашисттæбæл дæр æма махбæл дæр устур зæрантæ 'рцудæй. Уотемæй тухамæлттæй ратудтан æзнаги рæхис. Гитлеронтæ нимæдзæй адтæнцæ дууæ хатти фулдæр. Хуæлцæ æма нæмæ техникæ æгириддæр нæбал хъæрттæнцæ. Мæлæтдзаг тох байеудагъ æй, еу дæр ни æ хъауритæбæл нæ аурста. Фæстагмæ нæмæ æгириддæр хуæцæнгарз нæбал байзадæй. Хуæцæнгарз нæмæ адтæй, фал цæмæй æхстайанæ – гилдзитæ фæцæнцæ!

**1941 анзи 5 август.** Сæрмагонд бронехуæдтолгити нæмæ 'рбацудæнцæ немуци минæвæрттæ æма нин уруссагау балæдæрун кодтонцæ: фæййервæзæн уин нæбал ес. Сæйраг фронт сумахæй æй 150 километри изолдæр, уæ алливарс ба уæбæл æртумбул æнцæ СС-и æвзаргæ 'фсæдтæ. Уæхе уацари раттунæй уæлдай уин æндæр гæнæн нæбал ес.

Еци дзурдтæмæ æ гъос неке æрдардта. Уæдмæ æрбахъæрттæй бардзурд: «Не 'фсæддонтæй 200 гъæуама сосæггай байагоронцæ нæхеуæнтти. Иннетæ гъæуама сæхе бафæсвæд кæнонцæ бæрзонд хуæнхаг гъæдти, сæдæ ба гъæуама сæ дарæс раййевонцæ æма сæхе райсонцæ хутортæмæ, сæ ихæс ци 'й, уой ба син фæстæдæр балæдæрун кæндзинан. Æхсæзæймаг æма Дууадæсæймаг æфсæдти командæгæнæг...»

**1941 анзи 12 август.** Мах, гъома, 99-аг æхсæг дивизий 22-аг артиллерион полк, нæхе æрфедар кодтан еу гъæуи рази. Бон-сау изæрмæ æхстан æзнаги æфсæдтæ. Етæ размæ лæгарстонцæ æма лæгарстонцæ. Изæрæрдæмæ нæ сæхуæдтæ дæр дзармадзантæй æма миноменттæй æхсун райдæдтонцæ, еуетæ хорнигулæнæй, иннетæ – хорискæсæнæй. Еу немуцаг æфсæддон мах æрдæмæ мотоциклбæл хæстæг æрбацудæй æма нæбæл къохихæсгæ миномет рауагъта. Дзармадзанæй фехсæн ин нæ адтæй, уомæн æма æгæр æрбахæстæг æй. Еу-дæс минуттей фæсте немуцаг æхе райста.

**1941 анзи 13 август.** Фæссехуар фæлгæсæн бунатæй фегъосун кодтонцæ: «Еугурæй дæр уæхе бафснайетæ акъоппити!»

Рацудайдæ фондз-авд минутти, уотæ нæбæл нæмгутæ ехуарæгау никкодтонцæ. Æхстонцæ нæ миноменттæй аллирдигæй. Фæлгæсæн бунатæй ба батарейи командæгæнæг бардзурд равардта, цæмæй æзнæгти механизацигонд фестæг æфсадбæл нæмгутæ еугурæй дæр рауадзæн. Миноменттæй нæ немуц уотæ хъæбæр æхстонцæ, æма акъоппæй рацæунмæ еу дæр æ нифс нæ бахаста.

Гъæуама, раст ци 'й, уой зæгъон. Мæ меднимæр рагъуди кодтон, уæддæр ардигæй уодæгасæй райервæзæн нæбал ес, мæ зæрдæбæл æрбалæудтæнцæ ме 'нсувæртæ, ме 'мбæлттæ, мæ хеуæнттæ, фашистти къохæй æ зинг кæмæн бахустæй, етæ. «Тогмæ – тог», – загътон мæ меднимæр, рагæпп кодтон акъоппæй. Кезугай æхстон æртæ дзармадзанемæй. Гилдзитæ ку нæбал адтæй, уæд бауадтæн цуппæрæймагмæ. Раст еци сахат мæ размæ рауадæй хайади командæгæнæг æма еумæ æхсун райдæдтан, ка ма нæмæ байзадæй, еци цуппæрæймаг дзармадзанæй. Фашисттæ къуаргæйттæй уæлдæфмæ куд тахтæнцæ, уой уидтан, æма нæ зæрдæ барохс æй. Æхстан, нæ гъæлæсидзаг гъæр кодтан, цæмæй нæмæ акъоппитæй еске агъазмæ рацæуа, фал нæ цæстæ некæбæл æрхуæстæй…

Никки ма еу хабар радзорун ес мæ зæрди, знаги æртухсти рæстæг нæ тугъдонтæ сæхе куд бæгъатæрæй равдистонцæ, уой туххæй. Авд танки (еу – агъазиау, фондз ба – рæстæмбестæ æма еу – минкъий) атакæ исаразтонцæ нæ нихмæ. Нæ 76-миллиметрон дзармадзанти фиццаг батарейæ сæбæл нæмгутæ ку рауагъта, уæд си дууæ рæстæмбес танкемæн уайтæккæ сæ хъуæцæ искалдæй. Агъазиау танк дæр тугъди будури цавддорау лæугæй байзадæй. Иннетæн еу гæрах фæккæнун дæр нæ бантæстæй, уотемæй ледзæги фæцæнцæ. Хъæбæр бæгъатæр разиндтæнцæ еци тугъди нæ дзармадзанæйæхсгутæ.

Рацудæй фондз æма инсæй минуттей бæрцæ, уотæ авд немуцаг танки галеуæрдигæй æрбацудæнцæ, дæс ба – рахесæрдигæй. Æхсун райдæдтонцæ. Нæ полкки штаби хецау, батарейи политикон разамонæги хуæдæййевæг æма къуар сурхæфсæддони фæммард æнцæ. Командæгæнгутæ æма æфсæддонтæ сæхе нийиауун кодтонцæ акъоппити. Айдагъдæр дуккаг дзармадзани командир фæгъгъæр кодта: «Дзармадзантæй æхе еуварс ка райса, уой æнæ уæлдай дзубандийæй мæхе къохæй фехсдзæнæн!..» Нæрунцæ нæ дзармадзантæ, фашистти танкитæн кезугай сæ хъуæцæ искæлуй. Советон артиллеристти домбай цæфти фæсте æзнæгтæ сæхе райстонцæ.

Еуафони æрбауадæй еу болкъон æма цæбæлдæр фæрсуй дзармадзани кæстæр командири. Е ин уотæ: «Цо, æмбал болкъон, æма батарейи командæгæнæги фæрсæ, мæнмæ ци 'рбацудтæ?..» Уотæ дзæвгарæ рабуцæу æнцæ. Болкъон байагурдта батарейи командæгæнæги, фал, куд рабæрæг æй, уотемæй е акъоппи фæммард æй. Никки ма си мæрдтæ æма цæфтæ разиндтæй фондз æма дууинсæй адæймаги. Дзармадзани кæстæр командири æфсæддонтæй фæммард æй айдагъдæр еу. Куд уинетæ, уотемæй еунæг 76-миллиметрон дзармадзан æзнаги æвддæс танкей атакæ бауорæдта! Рагъуди кæнайтæ, е кæбæлти лæгдзийнадæ 'й…

Мæ зæрдæбæл ма лæууй никки еу хабар. Фестæг æфсæддонтæмæ гилдзитæ нæбал адтæй. Мах дæсемæй байевдалдан, æма гъæунгти æма дзæхæрадæнтти æмбурд кæнун байдæдтан гилдзитæ æма сæ хастан къохихæсгæ пулеметæй æхсæгмæ. Е бæласæмæ исхизтæй, æхе байауун кодта æма уордигæй «нимадта» фашистти. Уой фæрци хутор байсунбæл æзнæгти тохун багъудæй дууæ бони.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730.** Заказ **№ 1281.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 19.06.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 19.06.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**